

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1. Kasang Tukang**

Basa mangrupa hal anu vital pikeun kahirupan manusa. Ku ayana basa, manusa bisa ngayakeun interaksi jeung manusa séjénna. Cara nepikeun basa lain ku omongan waé, tapi ogé bisa ngaliwatan basa isarah, jeung wangun tinulis. Basa teu salawasna ditepikeun ku jalma lian waé dalah ka diri sorangan gé, urang mindeng ngayakeun komunikasi ngagunakeun basa (Samsuri, 1987:1). Ku lantaran makéna basa téh lain kagiatan macakal téa, atuh dina nyangkem jeung ngulik basa urang teu cukup ngulik adegan katut cara makéna wungkul, tapi ogé ngulik perkara séjén nu aya patalina.

Nurutkeun Sudaryat (1991:1), basa nya éta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi. Disawang tina adeganana, elmu basa sacara gurat badagna bisa dibagi tilu bagian, nya éta tata sora (fonologi), tata basa (gramatik), jeung tata harti (semantik). Tata harti (semantik) nya éta bagian tina élmu basa anu ngulik jeung medar harti dina hiji basa, asal-usul, selang surup, parobahan, tur kamekaran harti.

Ieu panalungtikan téh patalina jeung semantik nya éta harti léksikal jeung struktur léksikal. Harti léksikal nya éta harti unsur-unsur basa nu mangrupa

lambang barang, hal, objék, jsté. Struktur léksikal nya éta rupaning hubungan harti antara kecap-kecap dina léksikon hiji basa.

Nepi ka kiwari kasalahan makéna basa Sunda geus loba nu nalungtik, diantaranya: “*Analisis Sintaksis dina Karangan Argumentasi Mahasiswa Tingkat Akhir Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni Universitas Pendidikan Indonesia Taun Ajar 1999/2000 (Cucu Hayati)*”, “*Kasalahan Morfologis Basa Sunda dina Karangan Argumentasi Mahasiswa Tingkat Akhir Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni Universitas Pendidikan Indonesia Taun Ajar 1999/2000 (Alamsyah)*”, “*Analisis Kasalahan Ejahan dina Karangan Argumentasi Siswa Kelas III SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajar 2005/2006 (Hardi Setiawan)*”. Tapi panalungtikan ngeunaan kasalahan léksikal dina karangan murid can aya. Ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun, sabab kasalahan makéna basa dina karangan déskripsi bisa ngabalukarkeun salah harti. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “**ANALISIS KASALAHAN LEKSIKAL DINA KARANGAN DESKRIPSI SISWA KELAS VII SMP NEGERI 1 LEMBANG TAUN AJARAN 2007/2008**” dilaksanakeun.

## **1.2. Masalah**

### **1.2.1. Watesan Masalah**

Kasalahan basa téh ngawengku kasalahan fonologis, éjahan, morfologis, sintaksis, jeung léksikal. Sakumaha nu geus dijéntrékeun dina kasang tukang jeung masalah, ieu panalungtikan téh baris diwatesanan kana kasalahan léksikal

anu kapanggih dina karangan siswa kelas VII SMP Negeri 1 Lembang. Aya rupa-rupa kasalahan léksikal diantarana, nya éta kasalahan pilihan kecap (diksi), ambiguitas, hiperkorék, jeung pléonasme. Dina ieu panalungtikan diwatesanan kana kasalahan léksikal dina wanda gejala hiperkorék jeung gejala pléonasme.

### 1.2.2. Rumusan Masalah

Luyu jeung watesan di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun ieu dihandap.

- 1) Kumaha kasalahan léksikal **gejala hiperkorék** anu aya dina karangan deskripsi Siswa SMP Negeri 1 Lembang?
- 2) Kumaha kasalahan léksikal **gejala pléonasme** anu aya dina karangan deskripsi Siswa SMP Negeri 1 Lembang?

## 1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

### 1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun ngadéskrripsikeun kasalahan léksikal dina karangan deskripsi siswa kelas VII SMP Negeri 1 Lembang déskripsina nya éta:

- 1) Kasalahan léksikal **gejala hiperkorék.**
- 2) Kasalahan léksikal **gejala pléonasme.**

### 1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Gedé harepan ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun pikeun sababaraha hal, di antarana waé:

- 1) Meunang data, informasi, jeung gambaran faktual (saéstuna) ngeunaan kasalahan léksikal dina karangan déskripsi.
- 2) Mairan atawa méré kandaga kecap kalawan merenah dina kalimah.
- 3) Pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan harti léksikal.
- 4) Pikeun kamekaran élmu basa.
- 5) Pikeun dijadikeun répérénsi pikeun nyusun bahan pangajaran tata harti Sunda boh keur pendidikan dasar, boh keur paguron luhur.

### 1.4. Anggapan Dasar

Ieu panalungtikan téh mibanda anggapan dasar, saperti nu diécéskeun ieu di handap.

- 1) Basa Sunda mibanda kabeungharan boh dina ragam basa lisan, boh dina ragam basa tulis.
- 2) Dina prakna dipaké, kecap-kecap téh bisa salah atawa teu merenah.
- 3) Kasalahan tata harti téh bakal tetep aya, sanajan urang geus satekah polah nyingkahanana.

### **1.5. Méthode Panalungtikan**

Dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif. Unsur nu didéskripsikeunana nya éta kasalahan léksikal nu muncul dina karangan deskripsi siswa kelas VII SMP Negeri 1 Lembang.

Data panalungtikan dikumpulkeun kalawan ngagunakeun téhnik tés, anu hasilna mangrupa karangan. Ari téhnik ngolah datana ngagunakeun téhnik analisis kesalahan berbahasa.

### **1.6. Sumber Data**

Dumasar kana kasang tukang, masalah, tujuan panalungtikan, jeung cara nganalisis data, sumber data ieu panalungtikan téh nya éta siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Lembang. Tina jumlah populasi murid kelas VII di SMP Negeri 1 Lembang mung 10 % anu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan. Jadi, jumlah populasi sampel siswa 48 urang.

### **1.7. Sistematika Tulisan**

Ieu tulisan téh kabagi kana lima bab. Bab I eusina ngawengku; (1) kasang tukang, (2) rumusan masalah, (3) tujuan jeung mangfaat panalungtikan, (4) anggapan dasar, (5) métode panalungtikan, (6) sumber data, (7) sistematika tulisan. Bab II eusina diwangun ku téori ngeunaan (1) watesan, fungsi, tujuan, jeung wangun nulis, (2) karangan déskripsi, jeung (3) kasalahan basa. Bab III eusina ngawengku (1) wangenan operasional, (2) padika nangtukeun ukuran sampel, (3) instrumén ngumpulkeun data, (4) téhnik ngumpulkeun data, jeung (5)

téhnik ngolah data. Bab IV ngeunaan (1) data kasalahan léksikal, (2) wanda kasalahan léksikal, jeung (3) pola kasalahan léksikal. Bab V eusina ngawengku (1) kacindekkan, jeung (2) saran.

